*Kontra Pwogram Akademik Akselere Klas Primè*

Lekòl Piblik nan Depatman Polk la

**Tanpri ekri:**

Done Elèv la: ______________________________

Siyati Non # ID

Lekòl : ______________________________

Konseye a: Klas l'ap fè:

Done Paran an: ______________________________

Siyati Non Adrès elektwonik

Telefòn: ______________________________

Kay li Selilè Travay Paran/Responsab la Travay Paran/Responsab la

**Demann paran/responsab elèv la bò kote direktè a/moun li deziyen dwe fèt pa ekri.**

Lè mwen siyen kontra sa a, mwen konprann kondisyon ak egzijans sa yo ap aplike.

- Mwen konprann enskripsyon nan Pwogram Akselere Akademik lekòl mwen se yon opòtinite pou yo mete elèv la nan pwogram avanse, e yo espere mwen fè bagay sa yo:
  - Konsantre sou travay mwen e pote atansyon nan klas la
  - Fè tout travay, devwa, devwa lakay e pwojè nan lè yo fikse pou yo fèt
  - Etidye pou tout egzamen, tès ak ti tès kout
  - Paticipe nan refleksyon, deba ak nan lòt konvèsasyon nan klas la
  - Travay endepandan oswa nan kolaborasyon a de/gwoup jan pwofesè a egzije sa
  - Mande pwofesè a devwa ratrapaj lè w absan
  - Mande pwofesè w èd andiplis lè w bezwen ki ka genyen pran leson anvan e apre klas
  - Pran randevou ak konseye w la si w bezwen èd andiplis ak sa ki gen pou wè ak disiplin, prezans oswa pèfòmans akademik.
- Mwen konprann yo te chwazi mwen pou mwen patisipe nan Pwogram Akademik Akselere Lekòl mwen an dapre pèfòmans akademik mwen te reyalize anvan yo, e y'ap evalye kontribisyon mwen nan pwogram nan chak ane. Evalyasyon sa a ap genyen yon revizyon nòt evalyasyon mwen nan egzamen leta yo, klasè travay mwen, nòt mwen yo, dosye disiplin ak dosye prezans mwen..
- M'ap vini lekòl regilyèman e mwen konprann si mwen ap plede vini anreta e/oswa absan, sa ka fè yo mete mwen deyò nan pwogram akselere a.
- M'ap konpòte m kòrèkteman e mwen konprann si yo pran sanksyon kont mwen, sa kapab fè yo mete mwen nan yon peryòd kontravansyon oswa yo ka mete mwen deyò nan pwogram nan.
- Mwen konprann tout elèv yo mete sou kontravansyon, pou kèlkeswa rezon an, yo egzije yo vini nan yon rankont paran/elèv/pwofesè. Si m pa vini nan rankont lan, yo ka mete mwen deyò nan pwogram akselere a.
- M'ap patisipe nan aktivite tèt akademik kole k'ap fèt tankou nan fwa syans, fwa istwa, "ASPIRE robotics", "Florida Odyssey of the Mind", etc. paske opòtinite anrichisman sa a yo fè pati aktivite y'ap tann nan men elèv klas akselere yo.

Mwen deklare mwen li contra sa a e m'ap obeyi ak sa li di yo.

______________________________ ______________________________

Paraf Elèv la Dat

Mwen sipòte enskripsyon pitit mwen nan *Pwogram Akademik Akselere a* e m'ap vini nan rankont paran/elèv yo jan lekòl la mande sa.

______________________________ ______________________________

Paraf Paran an Dat